

D+S
M
Fouayé Charité

NF p. 337

Paroles et musique : 31 janvier 1998
 S. Jean Bosco
 25^{ème} anniversaire du Foyer de Charité Sainte Marie

R. Charité, s-on Fouayé difé Lc 12, 49

**K-ap kléré, k-ap chofé tout moun ki proché-l.
 Charité, sé Bondié li-minm
 Ki désann sou latè pou nou tout f-on sèl.**

- | | |
|---|------------|
| 1. Mouin té mèt konn palé tout lang
Sa-k sou tè ak sa-k anro nan sièl,
Si-m pa gin charité-a minm,
Mouin tankou yon klòch k-ap karionnin. | 1 Co 13, 1 |
| 2. Mouin t-a mèt gin pouvoua profèt,
Mouin t-a mèt konn tout mèvèy sakré,
Mouin t-a mèt gin tout fòs lafoua,
San lacharité mouin pa anyin. | 1 Co 12, 2 |
| 3. Mouin t-a mèt séparé tout byin-m,
Mouin t-a mèt bay kò-m pou yo boulé-m,
Si-m pa gin charité-a minm
Bagay sa-a pa kab sèvi-m anyin. | 1 Co 12, 3 |
| 4. Charité-a konn pran pasians
Charité-a rinmin rann sèvis,
Li pa fè okinn jalouzi,
Charité-a pa vanté tèt pa-l. | 1 Co 12, 4 |
| 5. Li pa pran pòz li sipériè,
Li pa fè anyin ki malonèt,
Li pa chèché intérè pa-l,
Li pa fè kòlè ki dépasé. | 1 Co 12, 5 |
| 6. Li pa rété ap fè kalkil
Pou tiré vanjans sou sa ki mal,
Li pa kontan nan injistis,
Li mét kontantman nan vérité. | 1 Co 12, 6 |
| 7. Li sipôté tou sa-k rivé,
Li kinbé lafoua nan tout problèm,
L-éspéré nan tout sikontans,
Li gin landirans nan tout bagay. | 1 Co 12, 7 |